



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 oktòb 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON PREZIDAN CORNELL, DAVID SKORTON, KÒM PREZIDAN KONSÈY REÒGANIZASYON NYRA LA

Gouvènè ak Responsab Palmantè Nonmen Manm nan Konsèy pou Chanje Jesyon Kous Pi-San nan NYS

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Dean Skelos, ak Pòtpawòl Asanble Sheldon Silver anonse jodi a nominasyon David Skorton, Prezidan Cornell University, kòm Prezidan New York Racing Association Reorganization Board, api anonse manm piblik Konsèy la, ak mizanplas yon òganism tanporè sou kontwòl piblik, pou chanje jesyon kous pi-san nan New York State.

Konsèy Reòganizasyon NYRA a gen 17 direktè: uit ki jwenn nominasyon nan men Gouvènè a; de direktè ki jwenn yo chak nominasyon yo nan men Sena ak Asanble a; ak senk direktè ki jwenn nominasyon yo nan men ansyen Konsèy NYRA la. Elvè ak Kavalye yo ap gen yon manm otomatik pou yo chak. Depi yo deziyen konsèy la, l ap fè yon rechèch nasyonal pou yon nouvo Direktè Jeneral ak yon Avoka Jeneral pou NYRA. Konsèy Reòganizasyon NYRA a eli pou 3 lane, apre sa NYRA pral tounen anba kontwòl prive majorite. Sèt nan moun ki nonmen yo nouvo nan Konsèy NYRA la, epi ap pote eksperyans yo genyen nan domenn divètisman, finans ak dwa anplis kous cheval.

“Ak nouvo lidèship Konsèy Reòganizasyon NYRA a, nou gen yon gwoup akonpli nèt pou ede nou fè New York tounen pi bon kote pou fè kous pi-san nan peyi a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nouvo Konsèy la responsab refòm NYRA nan avantaj kontribiyab, amatè, travayè sou liy, jockeys, ak cheval yomenm. Mwen rekonesan anvè Doktè Skorton paske li aksepte responsablite Prezidans la, epi mwen remèsye l pou gwo travay li antanke ko-prezidan Southern Tier Regional Economic Development Councils, kote efò li yo te sèvi nan ede elabore ak mete sou pye yon vizyon stratejik pou kreye travay ak devlope ekonomi rejyon an.”

Gouvènè a te anonse tou John Hendrickson kòm Konseye Spesyal nan Konsèy pou Saratoga a, akòz enpak inik kous cheval sou kominote Saratoga a.

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos te di konsa, “Endistri kous cheval la anplwaye plizyè milye moun nan New York, jenere plizyè milyon dola sou fòm revni pou otorite leta ak lokal yo, epi atire touris nan lemond antye. Li ekstrèman enpòtan pou Konsèy Reòganizasyon NYRA a etabli nouvo lidèship ak jesyon ki pral ede ranfòse le plis posib endistri cheval la, non sèlman pou enterè ekonomik enpòtan, men tou pou sekirite cheval yo ak plezi amatè yo.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, te di konsa, “Se yon plezi pou mwen nonmen Michael Del Guidice ak Rick Cotton nan Konsèy Reòganizasyon NYRA a. Ak nomisasyon sa yo, nap ede sekirize yon motè ekonomik pou tout eta a ki anplwaye plizyè milye moun. Nou espere sensèman Konsèy Reòganizasyon an kapab restore konfyans nan endistri a, yon bagay ki te fè plezi amatè kous New York yo pandan plis pase yon syèk.”

Senatè John Bonacic, Prezidan Senate Committee on Racing, Gaming & Wagering, te di konsa, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou efò lap fè pou chanje NYRA pozitivman. Map tann pou rankontre nouvo moun ki nonmen yo, ak pou nouvo Konsèy NYRA konstitiye. Yon nouvo NYRA, ki konprann li responsab amatè kous ak kontribiyab apresye anpil Map tann pou NYRA avanse sou yon ajanda devlopman pou endistri kous cheval la epi mwen enpasyon pou wè siksè yo.”

Prezidan Assembly Racing and Wagering Committee J. Gary Pretlow, te di konsa, “Sansasyon kous la dwe egziste ansanm ak sante ak sekirite cheval ki enplike ak bon jan pwatik sekirite. Anba direksyon Konsèy Reòganizasyon a, mwen konfyan NYRA pral rejwenn konfyans piblik la, pwoteje cheval ak kavalye yo, epi soutni divès milye djòb ki depann sou devlopman endistri kous New York la.”

Men moun Gouvènè a nommen:

David Skorton, Prezidan, Cornell University – Prezidans

David J. Skorton, 12yèm, prezidan Cornell University, se yon kadyològ, pwofesè jeni byomedikal, ak pwofesè nan Depatman Medsin ak Pedyatri nan Weill Cornell College. Li se ansyen Prezidan Business-Higher Education Forum, yon òganizasyon san bi likratif endepandan CEOs, lidè kolèj ak inivèsite, ak kad fondasyon; manm avi Council on Foreign Relations; ak manm konsèy direksyon Association of American Medical Colleges. Li te eli nan Institute of Medicine of the National Academies epi se yon manm American Academy of Arts and Sciences. Prezidan Skorton aktif depi lontan nan devlopman rejon ak ekonomik eta a. Pandan lane 2009 la, li te prezide yon Gwoup Travay Senatoryal sou Diversifying the New York State Economy through Industry-Higher Education Partnerships. Cornell University loje Cornell College of Veterinary Medicine, ki enkli ladan Cornell Equine Hospital la.

Doktè. Skorton pral demisyone kòm koprezidan Southern Tier Regional Economic Development Council pou l ka devwe tan li nan Konsèy NYRA la. Nominasyon Prezidan Skorton kòm prezidan dwe jwenn apwobasyon nouvo Konsèy NYRA.

Doktè Skorton te di konsa, “Kous cheval fè pati entegral kilti ak ekonomi eta nou an, epi mwen santi mwen onore pou fè pati manm talantye New York Racing Association Reorganization Board la pou amelyore endistri a pou cheval, jockey, travayè nan liy dwat aryè, pwopriyetè cheval, paryè ak tou sa ki renmen kous ak fèl tounen yon reyalyte. Grasa fòs ak aptitud lòt manm konsèy la, mwen konnen mwen ka ogmante lidèship mondyal New York State nan kous pi-san, epi mwen enpasyon pou ede realyze objektif enpòtan sa a.”

Bobby Flay, Chèf ak Pwopriyetè Pi-san

Mesye Flay se yon chèf ak yon restoratè ki genyen pri epi ki manifeste gwo enterè nan kous pi-san. Mesye Flay te ouvri Mesa Grill, premye restoran li nan lane 1991 ki te pèmèt li genyen pri “Meyè Restoran 1992” New York Magazine ki pou Gael Greene lan. Li te ouvri Bolo Restaurant

& Bar nan mwa Novanm 1993 nan distri Flatiron. Menm ane ya, Flay te eli James Beard Foundation's Rising Star Chef of the Year 1993, yon pri ki onore pi gwo chèf peyi a ki gen pi piti pase 30 an. Nan mwa avril 2005, Flay te ouvri Bar Americain, ki te sèvi manje ameriken reyjonal. Nan mwa jen 2006, Flay te ouvri premye steakhouse li, Bobby Flay Steak, nan Borgata Hotel Casino & Spa nan Atlantic City. Anplis restoran li yo, Flay pataje konesans ak antousyas li pou manje atravè liv resèt kwizin li yo ak tout sho kwizin nasyonal sou Food Network, Cooking Channel and NBC. Mesye Flay se tou yon pwopriyetè cheval ak yon pasyone kous. Youn nan cheval li yo, More Than Real, te genyen konpetisyon 2010 Breeders' Cup Juvenile Fillies Turf la.

Mesye Flay te di konsa, “Antanke yon Nouyòkè natif natal, pwopriyetè biznis ak yon pwopriyetè Pi-san, mwen kontan Gouvènè Cuomo mete m nan konsèy NYRA a. Objektif jeneral mwen se fè pati ekip kap ede kous nan New York tounen lye spò ak divètisman li merite pou l ye a.”

Jane Rosenthal, Pwodiktè, Ko-Fondatè, Tribeca Film Festival, ak PDG, Tribeca Enterprises

Jane Rosenthal se yon pwodiktè rekoni ak kofondatè Tribeca Film Festival. Li distenge tèt li antanke yon pwodiktè film enpòtan ak yon lis film kritik ak komès te resevwa ak anpil antousyas. Madan Rosenthal te mansyone anpil fwa nan Variety's Women in Showbiz, Hollywood Reporter's Women in Entertainment ak nan piblikasyon Crain's New York Business “100 Fanm ki gen plis Enfliyans nan Biznis NYC”. Madan Rosenthal te pwodwi youn nan pi gwo resèt franchiz komedi de tout tan, Meet The Parents (2000) ak swit li Meet The Fockers (2004) ak Little Fockers (2010); Gwo siksè Analyze This (1999) ak swit li Analyze That (2002); nominasyon pou Academy Award, Wag the Dog (1997); epi film kritik te byen akeyi Marvin's Room (1996) ak About a Boy (2002). Li te pwodwi plis pase 20 gwo film ankontan The Good Shepherd, Rent ak A Bronx Tale. Nan ane 1989, Madan Rosenthal te ko fonde Tribeca Production ak Tribeca Film Center a nan katye anba Manhattan TriBeCa ak aktè Robert De Niro. Nan ane 2002, Madan Rosenthal te òganize premye Festival Film Tribeca Film anyèl la, ki tounen yon gwo evenman kiltirèl entènasyonal.

Leonard Riggio, Prezidan, Barnes & Noble, Inc.

Leonard Riggio se Prezidan Barnes & Noble, Inc., yon konpayi Fortune 500, ki se pi gwo vandè liv nan lemond. Ak yon senp libreri kolèj pou kòmanse nan lane 1965, Mesye Riggio te konstwi youn nan pi gwo entrepriz nan istwa vant detay ameriken, kote lap anplwaye kounye a plis pase 50.000 vandè liv. Li rekonèt kòm yon vizyonè nan endistri vant liv la, ak kòm yon briyan distribitè ak antreprenè. Mesye Riggio se tou fondatè GameStop (NYSE: GME), pi gwo detayan milti videyo chanèl kap opere 7.000 magazen nan lemond. Mesye Riggio angaje tèt li nan anpil inisyativ filantwopik, tankou konstriksyon ak don kay pou fanmi ki te pèdi kay yo nan Siklòn Katrina. Depi 2005, li menm ak madanm li, Louise, te konstwi ak bay 101 kay pou fanmi nan New Orleans ak yon lòt seri 100 kay ki dwe konstwi. Mesye Riggio se pwopriyetè My Meadowview LLC, yon kous pi-san ak biznis elvaj.

Anthony Bonomo, PDG, Administrators for the Professions, Inc.

Anthony Bonomo, Esq. se PDG Administrators for the Professions, Inc. epi Manm Konsèy Physicians' Reciprocal Insurers. Mesye Bonomo ap travay ak AFP depi 1985. Avan sa, Mesye Bonomo te travay kòm yon avoka pledan sou erè medikal ak reklamasyon pou deli sivil. Nan lane 2005, li te fonde Brooklyn Boyz Stables.

Vincent Tese, Prezidan Egzekitif, Bond Street Holdings, LLC.

Mesye Tese se yon avoka, konseye nan zafè investisman epi kad nan televizyon kable, epi li se aktyèlman Prezidan Egzekitif Bond Street Holdings, LLC ak tou Prezidan Egzekitif filyal li, Florida Community Bank. Li se tou yon direktè plizyè kòporasyon, ki enkli Cablevision Systems Corporation, ICE Clear Credit LLC, Intercontinental Exchange, Inc., Mack-Cali Realty Corporation ak Madison Square Garden. Anplis, li se Trustee New York University School of Law ak New York Presbyterian Hospital. Mesye Tese te travay onivo gouvènman leta nan divès pòs. Li te travay kòm Sientandan Bank Leta soti 1981 rive 1983, nan mwa mas 1985 li te nonmen Prezidan ak Direktè Jeneral Urban Development Corporation, epi nan lane 1987, li nonmen Direktè Developman Ekonomik pou Eta New York, sa ki ajoute sou pòtfolyo tit Komisyonè Depatman Devlopman Ekonomik ak Prezidan anmenm tan Science and Technology Foundation ak Job Development Authority. Li te nonmen Komisyonè Port Authority New York ak New Jersey nan lane 1991 epi li te eli vis prezidan nan lane 1992. Mesye Tese te prezidan New York State Advisory Commission on Racing in 21st Century lan.

Joseph Spinelli, Direktè Jeneral, Navigant

Joseph Spinelli se Lidè Mondyal Pratik Anti Koripsyon nan Navigant Consulting. Nonmen nan lane 1986, li te pase uit ane kòm premye enspektè jeneral Eta York janm genyen, li tap mennen investigasyon sou fwod, gaspiyaj ak koripsyon pou tout ajans ak otorite eta New York. Avan nominasyon li kòm Enspektè Jeneral, Mesye Spinelli te yon Ajan Spesyal pou Biwo Federal Investigasyon nan biwo eksteryè New York ak New Haven yo. Mesye Spinelli te travay tou kòm yon Revizè Fiskal Endepandan pandan efò rekonstriksyon apre. 11 septanm lan nan World Trade Center, ak responsablite investigasyon, siveyans ak kontwol. Nan ane 2004, Mesye Spinelli te eli nan Konsèy Administrasyon Association of Certified Fraud Examiners, yon asosyasyon pwofesyonèl entènasyonèl ki gen 40.000 manm. Nan mwa fevriye 2010, Mesye Spinelli te nonmen nan New York State Commission on Public Integrity.

Robert Megna, Direktè Bidjè Eta New York

Robert Megna se Direktè Bidjè Eta New York la, kote lap travay kòm direktè depi 2009. Megna se Direktè Bidjè Eta New York, kote li responsab tout devlopman ak jesyon politik fiskal eta a, tankou sipèvizyon preparasyon rekòmandasyon bidjè pou tout ajans ak pwogram Eta, previzyon ekonomik ak revni, politik fiskal, planifikasyon fiskal, finansman ak jesyon imobilizasyon pòtfevè Eta, ak tou pansyon ak prestasyon anplwaye. Mesye Megna te avan sa Komisyonè Depatman Enpo ak Finans Eta New York, li te responsab pou sipèvize kòlèk ak kontablite plis pase \$90 milya enpo Leta ak lokal, administrasyon enpo Leta ak lokal, tankou enpo Vil New York City ak Vil Yonkers ak pwosesis retou enpo, anrejistreman ak dokiman relatif. Mesye Robert William, Direktè pa entèrim Divizyon Lottery a pral ranplase Mesye Megna antanke prezidan konsèy Franchise Oversight Board. Mesye Megna pral travay kòm yon siveyan finansye nan konsèy NYRA a.

John Hendrickson, Konseye Spesyal pou Saratoga

John Hendrickson abite nan Saratoga Springs epi se yon filantròp. Li se Direktè Elvaj ak Kous pou Mary Lou Whitney Stables. Li se tou yon ansyen asistan Gouvènè Walter Joseph Hickel nan Alaska. Mesye Hendrickson ak madanm li, Mary Lou Whitney, te lanse pwogram Backstretch Appreciation nan benefis travayè nan liy dwat aryè nan Saratoga Race Course kap bay manje ak aktivite pou apeprè 2.000 travayè nan liy dwat aryè. Li pral travay kòm reprezantan Gouvènè a nan konsèy NYRA a sou kesyon ki gen pou wè ak Saratoga Race Course ak kominote a.

John Hendrickson te di konsa, “Kalte nominasyon Gouvènè Cuomo yo montre serye li nan refòm NYRA nan bon fason.”

Men moun Sena a nonmen:

Michael Dubb, Direktè ak Fondatè, Beechwood Organization

Michael Dubb se Direktè ak Fondatè Beechwood Organization, 58^{yèm} pi gwo konstriktè kay nan Etazini dapre magazin Professional Builder nan ane 2011. Michael Dubb te konstwi epi te bay yon gadri 7.500 pye kare, Anna House, pou pitit travayè Belmont Racetrack yo. Mesye Dubb se ansyen Prezidan an de fwa Long Island Builder's Institute, ki te patisipe nan pwojè LBI Helps, yon Manm Konsèy Long Island Housing Partnership epi se aktyèlman yon Trustee asosye North Shore University Hospital nan Manhasset. Antanke yon gran amatè cheval, Michael te nonmen kòm yon manm Konsèy Direksyon New York Racing Association nan lane 2008. Nan lane 2011 li te premye pwopriyetè pi-san nan Eta New York.

Earle Mack, Asosye Prensipal, Mack Company

Earle Mack se Asosye Prensipal nan Mack Company. Li se ansyen manm Konsèy Direksyon pou Mack-Cali Realty Corp. Mack te travay kòm Ambasadè Ameriken Ekstraodinè ak Plenipotansyè nan Fenland soti Me 2004 rive Novanm 2005. Lise ansyen manm Konsèy Direksyon NYRA epi li te Prezidan New York State Racing Commission soti 1983 rive 1989, pandan tan sa, li te tou yon manm NYS Thoroughbred Breeding and Development Fund.

Men moun Asanble a nonmen:

Michael J. Del Giudice, Prezidan, Rockland Capital Energy Investments, LLC.

Mesye Del Giudice gen eksperyans nan kapital investisman, ak yon fokis sou mache enfrastrikti elektrik ak enèjetik, ak tou eksperyans nan sèvis gouvènmanal. Mesye Del Giudice se Direktè Jeneral Prensipal Millennium Credit Markets LLC, New York, NY, yon ensitasyon bankè pou investisman depi lane 1996, epi Prezidan ak Direktè Jeneral Prensipal Rockland Capital, LLC, New York, NY, yon sosyete kapital pou investisman ki fokis sou mache enfrastrikti elektrik ak enèjetik depi 2003. Mesye Del Giudice se Administratè Endepandan Prensipal Consolidated Edison Inc., depi 2008. Anvan sa a, Mesye Del Giudice te yon Patnè Jeneral nan bank investisman Lazard Freres & Co. LLC, epi li te travay kòm Sekretè Gouvènè Eta New York al ak kòm Chèf Kabinè Pòtpawòl Asanble Eta New York la. Mesye Del Giudice te nonmen nan konsèy NYRA la nan lane 2003 epi li te vinn monte Vis Prezidan nan lane 2005.

Rick Cotton, Vis Prezidan Egzekitif ak Konseye Jiridik, NBCUniversal

Rick Cotton te nonmen Vis Prezidan Egzekitif ak Konseye Jiridik NBCUniversal nan mwa Dawout 2004. Li sipèvize Depatman Dwa NBCUniversal, ki founi konsèy jiridik bay tout inite komèsyal NBCUniversal. Anplis, li sipèvize ajanda politik reglemantè ak lejislatif mondyal NBCUniversal, ki gen ladan efò kont piratri konpayi a nan lemond antye. Soti 2000 rive 2004, Cotton te travay kòm prezidan ak direktè jeneral CNBC Europe ki chita nan Lond epi li nan NBC depi 1989. Soti 1991 rive 2000, li te prezidan Konsèy New York Primary Care Development Corporation piblik-prive a. Li te jwenn nominasyon l kòm Sekretè Egzekitif adjwen Depatman Sante Edikasyon ak Wellfè ameriken sou Sekretè Joseph A. Califano nan

lane1977 epi li te nonmen sekretè egzekitif nan lane 1978. Nan lane 1980 li te vinn konseye spesyal Sekretè Adjwen John Sawhill nan Depatman Enèji Ameriken.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418